

BAB II GEGARAN TEORI

A. Linguistik Historis Komparatif

1. Pangertosan Linguistik Historis Komparatif

Linguistik historis komparatif inggih menika salah satunggaling cabang ngelmu basa ingkang ngrembag basa wonten ing lumampahing wekdal sarta ewah-ewahaning unsur basa wonten wekdal tartamtu (Keraf, 1984: 22). Dados wonten linguistik historis komparatif ngrembag kados pundi basa menika ewah miturut lumampahing wekdal. Pramila sasampunipun mangertosi ewah-ewahan basa, salajengipun saged ngandharaken proses ewah-ewahanipun.

Gayut kalihan pamanggihipun Keraf wonten nginggil, Fernandez ngandharaken bab ingkang mirib namung Fernandez nambahaken gayut kalihan bab-bab ingkang ndayani wontenipun ewah-ewahan. Bab menika saged kaandharaken wonten ngandhap menika. Linguistik historis komparatif inggih menika cabang linguistik ingkang ngrembag pangrembakaning basa wonten ing lumampahing wekdal saha kados pundi basa menika saged ewah (Fernandez, 1994: 1). Cabang ngelmu menika ngandharaken kados pundi basa-basa menika ewah sarta ngrembag menapa kemawon bab-bab ingkang ndayani ewah-ewahaning basa. Pramila saking ngelmu menika saged mangertos kanthi cetha ewah-ewahaning saben basa.

Gayut kalihan wontenipun ewah-ewahan basa wonten lumampahing wekdal saha bab-bab ingkang ndayani ewah-ewahan basa, caranipun

manggihaken ewah-ewahan menika kanthi cara nandhingaken unsur-unsur basa. Bab menika saged kaandharaken wonten ngandhap menika. Mulyani (2007: 1-2) ngandharaken bilih linguistik historis komparatif inggih menika cabang ngelmu linguistik ingkang ngrembag ngrembakaning basa wonten ing lumampahing wekdal kanthi cara nandhingaken tembung-tembungipun. Kanthi nandhingaken tembung-tembungipun menika badhe dipunmangertosi tembung-tembung ing lumampahing wekdal ingkang sami, mirib utawi ingkang ngemu ewah-ewahan.

Gayut kalihan pamanggih ahli wonten nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih, linguistik historis komparatif inggih menika cabang ngelmu linguistik ingkang ngrembag kados pundi basa menika saged ewah wonten lumampahing wekdal saha ewah-ewahan unsur basa, bab-bab menapa ingkang ndayani ewah-ewahaning basa sarta kados pundi cara nandhingaken tembung-tembung kangge manggihaken tembung-tembung ingkang berkorespondensi.

2. Ancasing Linguistik Historis Komparatif

Linguistik historis komparatif ancasipun kangge madosi kados pundi ewah-ewahaning basa. Anggenipun madosi ewah-ewahan menika kanthi ngginakaken metode komparatif. Panganggening metode komparatif wonten ing linguistik historis komparatif inggih menika kanthi cara nandhingaken tembung-tembung saking basa ingkang dipuntliti kangge manggihaken tetembungan ingkang berkorespondensi.

Miturut Mulyani (2007: 2-3), panganggening metode komparatif gadhah ancas inggih menika:

- a. madosi proses ewah-ewahan basa, basa minangka salah satunggaling pirantos ingkang saged ewah wonten ing lumampahing wekdal, pramila gayut kalihan andharan menika tugas disiplin ngelmu linguistik bandingan inggih menika madosi kados pundi cara basa menika saged ewah,
- b. ngandharaken kados pundi ewah-ewahan saha ngrembakaning basa. Ewah-ewahan menika dipuntingali saking maneka warni aspek. Aspek-aspek kasebat saking aspek ingkang langkung alit inggih menika fonologi dumugi aspek ingkang langkung wiyar,
- c. damel pengelompokan basa, saking asil nandhingaken tembung-tembung menika saged dipunpangguhaken kawontenan aspek basa ingkang sami saha beda saking maneka warni unsur basa. Basa ingkang ngemu aspek-aspek sami menika saged dipun-kelompok-aken dados setunggal kelompok.

3. Bab Tetandhingan wonten ing Linguistik Historis Komparatif

Aspek basa ingkang dipuntandhingaken inggih menika bab tetembunganipun. Ananging ingkang langkung prayogi menawi tembung-tembung ingkang dipuntandhingaken gadhah swanten saha teges ingkang mirib, saengga saged dipunwastani tembung menika berkorespondensi. Tembung-tembung ingkang ngemu korespondensi menika nedahaken bilih wujud ingkang berkorespondensi menika kalebet basa saking setunggal rumpun.

Miturut Mulyani (2007: 3-4), basa ingkang setunggal rumpun menika gadhah titikan kados wonten ngandhap.

- a. Ngemu bab-bab ingkang sami. Bab-bab ingkang sami menika saged dipuntingali saking wujud tetembunganipun ingkang mirib. Saking tembung ingkang mirib ketingal bilih tembung-tembung ingkang dipuntandhingaken ngemu korespondensi.
- b. Dhasar ingkang dipunginakaken inggih menika korespondensi swanten. Korespondensi swanten menika saged dipuntingali wonten ing tembung-tembung saking kalih basa ingkang dipuntandhingaken. Tetembungan ingkang dipuntandhingaken menika wonten ingkang sami saha mirib ananging tegesipun sami.
- c. Mangertos ewah-ewahan saking ngrembakaning basa. Ewah-ewahaning menika dipuntingali saking tembung-tembung ingkang berkorespondensi wonten ing kalih basa. Korespondensi menika awujud korespondensi swanten saha teges antawisipun tetembungan saking basa ingkang dipuntandhingaken, saengga sasampunipun mangertos korespondensi-ipun salajengipun saged merekontruksi ngrembakaning basa wonten ing lumampahing wekdal.
- d. Sasampunipun mangertosi tembung ingkang gadhah korespondensi swanten saha teges antawisipun kalih basa ingkang dipuntandhingaken. Salajengipun inggih menika netepaken bilih tembung menika gadhah korespondensi. Anggenipun netepaken bilih tembung wonten ing basa setunggal kalihan

basa sanesipun menika gadhah korespondensi kanthi ngginakaken tigang kriteria inggih menika:

- nonarbitrary (boten bebas) tegesipun wonten kajian linguistik historis komparatif dhasar ingkang dipunginakaken gayut kalihan korespondensi swanten saha teges,
- exhaustive (jangkep) tegesipun sedaya basa kedah dipuntliti, supados sedaya basa saged kalebet wonten setunggal kelompok basa tartamtu,
- uniqueness (khas) tegesipun basa menika namung saged kalebet wonten setunggal kelompok basa, saengga boten wonten basa ingkang kalebet wonten langkung saking setunggal kelompok.

Adhedhasar peranan-peranan metode komparatif wonten nginggil, saged dipunwastani bilih metode komparatif wonten panaliten linguistik historis komparatif kedah nggatosaken peranan basa ingkang sami saha mirib. Korespondensi swanten saha teges menika ingkang dados dhasar kangge nemtokaken wujud sami utawi mirib.

4. Bab-bab ingkang Njalari Swanten ingkang Mirib

Basa setunggal kalihan basa sanesipun menika ngemu bab-bab ingkang beda. Sanajan beda, saking setunggal basa saha basa sanesipun ngemu bab-bab ingkang sami. Bab ingkang sami menika saged dipuntingali saking tetembunganipun. Saking tembung-tembung menika saged dipunpanggihaken sami saha miribipun antawisipun basa setunggal kalihan basa sanesipun. Tembung ingkang sami saha mirib menika kadadosan amargi perkawis tartamtu. Perkawis-perkawis menika kaandharaken wonten ing ngandhap

menika. Miturut Sudarno (1994: 22-27), sami saha miribipun tembung wonten ing basa setunggal kalihan basa sanesipun menika dipunpanggihaken amargi tigang perkawis. Perkawis menika kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) Tetembungan ingkang sami jalaran namung kaleresan

Tembung-tembung ingkang sami wonten ing basa setunggal kalihan basa sanesipun sami menika limrah. Perkawis kasebat jalaran kathahipun basa ingkang dipunginakaken masarakat kangge pirantos wawan pangandikan. Pirantos menika gayut kalihan aspek-aspek pagesangananing manungsa. Aspek-aspek pagesangananing manungsa saperangan ageng menika sami, saengga leres bilih dipunpanggihaken wontenipun tembung-tembung ingkang sami jalaran kaleresan wonten ing basa setunggal kalihan basa sanesipun.

Titikan kapanggihaken tetembungan ingkang kaleresan sami antawisipun basa setunggal kalihan basa sanesipun menika wonten kalih perkawis. Perkawis menika kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- a. Penutur basa setunggal kalihan basa sanesipun ingkang gadhah tetembungan sami menika boten gadhah sesambetan kanthi fisik saha kultural. Sesambetan kanthi fisik ateges antawisipun penutur basa setunggal kalihan basa sanesipun ingkang ngemu tetembungan sami menika boten nate gadhah sesambetan kanthi lisan utawi kanthi langsung. Dene sesambetan kanthi kultural tegesipun penutur basa setunggal kalihan basa sanesipun ingkang ngemu tetembungan sami menika gadhah sesambetan lumantar penutur basa setunggal kalihan basa sanesipun utawi ngangge sarana sanes kadosta buku saha pirantos-pirantos sanesipun.

b. Cacahing tetembungan ingkang sami menika sekedhik, umum-ipun arupi tembung ingkang boten asipat logis saha sistematis. Boten asipat logis saha sistematis tegesipun tembung-tembung menika boten gadhah sesambetan kanthi kekeluargaan. Tuladhanipun inggih menika tembung duo ‘dua’ wonten ing basa Latin saha tembung duo ‘dua’ wonten ing basa Minang. Saking tuladha menika ketingal bilih tembung duo menika sami boten amargi gadhah sesambetan kanthi kekeluargaan, ananging tembung ingkang sami menika jalaran kaleresan (Mulyani, 2007: 7-8).

2) Tetembungan ingkang sami jalaran ngampil basa sanes

Basa setunggal saha basa sanes kapanggihaken tetembungan ingkang sami. Tetembungan ingkang sami wonten ing basa setunggal kalihan basa sanesipun kalawau jalaran setunggal basa gadhah, nanging basa sanesipun boten gadhah. Basa ingkang boten gadhah kangge ngandharaken konsep menika ingkang ngampil saking basa sanes.

Titikan wontenipun tetembungan ingkang sami jalaran ngampil basa sanes inggih menika:

- a. tetembungan ingkang ngampil saking basa sanes menika umum-ipun gadhah teges ingkang boten dipungadhahi basa ingkang ngampil. Tuladhanipun tembung komputer ingkang ngampil saking basa Inggris,
- b. tetembungan saking basa ngampil menika ngemu suraos ingkang langkung alus. Tuladhanipun tembung istinjak ingkang ngampil saking basa Arab.

3) Tetembungan ingkang sami jalaran sesambetan kanthi kekeluargaan

Tetembungan ingkang sami antawisipun basa setunggal kalihan basa sanes saged kadadosan jalaran basa-basa menika saking setunggal induk. Basa saking setunggal induk menika ingkang njalari penutur basa setunggal saha basa sanes gadhah sesambetan kanthi kekeluargaan. Sesambetan kanthi kekeluargaan menika njalari tetembungan ingkang sami, ananging sesambetan kanthi kekeluargaan menika saged ugi nuwuhaken basa-basa ingkang beda. Bedanipun menika jalaran basa-basa mencar wonten ing papan ingkang beda saha wekdal ingkang dangu.

Titikan wontenipun tetembungan ingkang sami jalaran sesambetan kanthi kekeluargaan inggih menika:

- a. bab-bab ingkang sami antawisipun basa setunggal kalihan basa sanesipun menika kapanggihaken wonten ing sedaya tataran basa. Tataran basa umpaminipun wonten ing tataran fonologi, morfologi, sintaksis, semantik, leksikal utawi ukara,
- b. tetembungan ingkang sami awujud tembung-tembung pokok, tegesipun sedaya basa menika gadhah tembung-tembung pokok. Tembung-tembung pokok menika umpaminipun tembung wilangan, tembung ingkang gayut kalihan badan, tembung sesulih, saha tembung ingkang gayut kalihan alam,
- c. tetembungan ingkang sami menika umum-ipun asipat logis saha konsisten, saengga saged nuwuhaken hukum bunyi. Asipat logis tegesipun tetembungan menika saged dipuntampi kalihan akal pikiran, dene asipat

konsisten tegesipun ewah-ewahan tetembungan ingkang sami menika sipatipun ajeg.

B. Ewah-ewahan Basa

1. Ewah-ewahan Basa

Kanthi lumampahing wekdal tetembungan ingkang kaginakaken wonten ing basa setunggal kalihan basa sanesipun menika limrah bilih saged ewah. Ewah-ewahan menika jalaran saking mapinten-pinten bab. Bab-bab menika jalaran saking bab-bab saking basa menika piyambak. Miturut Fernandez (1994: 10-11), ewahing basa ingkang dipunsababaken jalaran bab-bab saking basa menika piyambak kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- a. Jalaran ewahing basa ingkang dipungayutaken kalihan ngelmu alami, gayut kalihan perkawis menika kangge tuladha inggih menika ewahing anatomi manungsa. Ewah-ewahan menika jalaran ewahing tengkorak saking jaman purba ingkang ndadosaken kaprigelan basanipun ugi ewah, saengga ewahing basa menika sami kalihan ewahing anatomi fisik.
- b. Ewahing basa gayut kalihan pamanggih bilih basa minangka salah satunggaling unsur hereditas. Unsur hereditas ateges unsur kabekta saking lair jalaran turunan saking tiyang sepuhipun. Teori menika nyobi ngandharaken gayutipun kaprigelan basa manungsa kalihan golongan darah. Tuladhanipun priyantun Inggris ingkang golongan darah-ipun AB menika anggenipun nglesanaken swanten striden [] langkung inggil tinimbang priyantun Eropa.

- c. Ewahing basa menika gayut kalihan wontenipun ewahing fisik. Teori menika ngandharaken bilih lare saking alit dados diwasa saged ewah wujud fisik-ipun. Ewah-ewahan menika mliginipun gayut kalihan ewahing alat ucap-ipun manungsa. Bab menika ingkang njalari tembung ingkang dipunlesenaken ugi ewah.
- d. Ewahing basa menika gayut kalihan pakulinan ingkang dipuntindakaken tiyang sepuhipun. Umpaminipun pakulinan ingkang katindakaken wonten ing Afrika. Tuladhanipun lare nglesanaken kanthi nirokaken menapa ingkang dipunlesanaken tiyang sepuhipun.

Kejawi ewah-ewahan basa jalaran saking basa menika piyambak, wonten ugi ewah-ewahan basa jalaran saking bab-bab sakjawinipun basa. Ewah-ewahan menika kadadosan kanthi langsung saha boten langsung. Ewah-ewahan langsung ateges penutur basa setunggal kalihan basa sanesipun menika gadhah sesambetan kanthi langsung. Dene sesambetan boten langsung ateges basa setunggal kalihan basa sanesipun menika boten gadhah sesambetan kanthi langsung, ananging lumantar basa ingkang dipunginakaken menika ingkang njalari basa menika ewah.

Saking andharan wonten nginggil sanajan basa menika saged ewah, namung saged kapanggihaken wontenipun bab-bab ingkang sami utawi mirib. Bab-bab ingkang sami utawi mirib menika saged awujud korespondensi swanten. Korespondensi menika ketingal saking wujud tetembungan antawisipun basa setunggal kalihan basa sanesipun ingkang dipuntandhingaken.

2. Korespondensi Tembung

Korespondensi tembung inggih menika bab struktur tembung ingkang mirib antawisipun basa setunggal kalihan basa tandhinganipun. Korespondensi tembung menika saged dipuntingali saking wujud fonem-ipun. Tuladhanipun tembung idu (Prawiroatmodjo, 1981: 165) wonten BJ ingkang tegesipun ‘ludah’ wonten BB wi uh (Warna, 1978: 647) ingkang tegesipun sami inggih menika ‘ludah’ ugi. Korespondensi swanten menika mirib wonten ing tembung idu, nanging wonten basa Bali menika wonten tambahing konsonan /w/ saha /h/ ingkang mapan wonten wiwitaning saha pungkasaning tembung. Saking tembung menika ketingal bilih tembung ingkang dipuntandhingaken idu kalihan wi uh swantenipun mirib nanging wujuding beda, saengga kalih tembung menika saged dipunwastani ngemu korespondensi.

3. Jinis Ewah-ewahan Swanten

Wujuding korespondensi menika gayut kalihan bab ewah-ewahan swanten. Jinising ewah-ewahan swanten basa-basa Austronesia kaperang dados kalih inggih menika ewah-ewahan asipat sistematis saha ingkang asipat sporadis. Ewahing swanten ingkang asipat sistematis inggih menika ewahing swanten ingkang ajeg saha berkelanjutan, pramila ewahing swanten menika saged dipun-kaidah-aken saha nuwuhaken hukum ewahing swanten. Wondene ewahing swanten ingkang asipat sporadis inggih menika ewahing swanten ingkang boten ajeg, saengga boten nuwuhaken kaidah ewahing swanten. Kaidah ingkang gayut kalihan ewahing swanten menika mawarni-warni. Miturut Keraf (1984: 44-46), jinising ewah-ewahan swanten asipat sistematis

wonten pitu inggih menika hukum fonem * , hukum Brandes I*R / Fonem Trill Uvula, hukum Brandes II*r / Fonem Trill Apikal, hukum /h/, diftong /uy/ saha diftong /ay/, sarta icalipun konsonan antawisipun vokal. Hukum ewahing swanten menika kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Hukum fonem *

Fonem * Austronesia Purba dipunturunaken dados fonem / /, /a/, /e/, /i/, saha /o/ wonten ing basa turunanipun. Umpaminipun fonem / / dipunturunaken dados fonem / / wonten ing basa Jawa Kuno saha Karo, fonem / / dipunturunaken dados fonem /a/ wonten ing basa Makassar saha Minangkabau, fonem / / dipunturunaken dados fonem /e/ wonten ing basa Dayak, fonem / / dipunturunaken dados fonem /i/ wonten ing basa Tagalog, sarta fonem / / dipunturunaken dados fonem /o/ wonten ing basa Toba saha Bisaya. Tuladhanipun tembung Austronesia Purba ‘bernapas’ [k sah] wonten ing basa Toba dados [hosah].

2. Hukum Brandes I*R / Fonem Trill Uvula

Fonem trill uvula */R/ ngrembaka dados fonem /g/ saha /h/ wonten ing basa turunanipun. Fonem trill uvula */R/ dipunturunaken dados fonem /g/ wonten ing basa Bisaya, lajeng fonem trill uvula */R/ dipunturunaken dados fonem /h/ wonten ing basa Dayak. Hukum menika ugi dipunsebat hukum r-g-h. Tuladhanipun inggih menika tembung ‘bibir’ [bibir] dados [bibig] wonten ing basa Tagalog.

3. Hukum Brandes II*r / Fonem Trill Apikal

Fonem trill apikal wujudipun inggih menika fonem /r/, fonem trill apikal /r/ dipunturunaken dados fonem /d/ saha /l/. Hukum fonem /r/ menika ngandharaken bilih swanten [r] ingkang dumunung wonten ing antawisipun kalih vokal wonten ing basa Jawi ewah dados swanten [d] wonten ing basa Melayu saha basa Bali. Wonten ing basa Tagalog kalihan basa Bisaya swanten [r] utawi [d] ewah dados swanten [l]. Ewah-ewahan menika asring dipunsebat hukum r-d-l. Tuladhanipun inggih menika tembung ‘padi’ [padi] dados [pari] wonten ing basa Jawi, wonten ing basa Tagalog dados [palay], wonten ing basa Melayu, Madura saha Bali ajeg dados [padi].

4. Fonem /k/

Fonem */k/ Austronesia dipunturunaken ajeg dados fonem /k/ saha fonem /h/. Umpaminipun fonem */k/ dipunturunaken ajeg fonem /k/ wonten ing basa Karo, Melayu, saha Gayo. Fonem /k/ dipunturunaken dados fonem /h/ wonten ing basa Toba. Tuladhanipun tembung Austronesia Purba *[k sa] ‘bernapas’ dados [k sah] wonten ing basa Karo, saha dados [hosa] wonten ing basa Toba.

5. Fonem /h/

Fonem */h/ Austronesia dipunturunaken ajeg wonten ing basa Karo, nanging wonten ing basa Toba fonem menika dados /Ø/, dene wonten ing basa Melayu ewah-ewahan kasebat wonten ingkang ajeg saha wonten ingkang ical. Tuladhanipun tembung hati *[hatay] Austronesia Purba dados [hati] wonten ing basa Melayu, [āte] wonten ing basa Lamalera.

6. Diftong /uy/ saha diftong /ay/

Diftong */uy/ wonten ing basa Austronesia Purba dipunturunaken dados fonem /i/ saha fonem /e/. Umpaminipun diftong */uy/ dipunturunaken dados fonem /i/ wonten ing basa Karo, diftong */uy/ dipunturunaken dados fonem /e/ wonten ing basa Lamalera, nanging diftong /uy/ nurunaken ajeg wonten ing basa Jawa Kuno saha Formosa. Tuladhanipun tembung *[apuy] Austronesia Purba nurunaken tembung [apuy] wonten ing basa Jawa Kuno, Formosa, saha basa Batan. Dene wonten ing basa Karo saha basa Melayu dados [api]. Wondene diftong */ay/ wonten ing basa Austronesia Purba nurunaken /i/ wonten ing basa Melayu. Tuladhanipun *[b ray] dados [b ri] wonten ing basa Melayu.

7. Icalipun konsonan antawisipun vokal

Icalipun konsonan antawisipun vokal menika kadadosan wonten ing fonem /r/, /h/, saha /s/. Umpaminipun icaling fonem /h/ antawisipun vokal wonten ing basa Bugis saha icaling fonem /s/ antawisipun vokal wonten ing basa Malagasi. Tuladhanipun tembung /fu/ ‘jantung’ wonten ing basa Lamaholot dados [puho] saha wonten ing basa Lamalera dados [puo].

Kejawi ewah-ewah swanten ingkang asipat sistematis, salajengipun kaandharaken jinising ewahing swanten ingkang asipat sporadis. Miturut Mahsun (1995: 34-38), jinising ewah-ewahan swanten asipat sporadis wonten sedasa inggih menika asimilasi, disimilasi, metatesis, kontraksi, aferesis, sinkope, apokope, protesis, epentesis, saha paragoge. Ewah-ewahan swanten

asipat sporadis kanthi jangkepipun kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) Asimilasi

Asimilasi inggih menika ewah-ewahan swanten ingkang njalari swanten sanesipun saged ewah. Tegesipun konsonan utawi vokal ingkang ewah menika kedah nggatosaken titikan fonetis swanten basa ingkang wonten sakiwatengenipun. Titikan fonetis menika saking gugus konsonan /np/ ewah dados gugus-gugus konsonan wonten ngandhap.

- a. /np/ → /bp/ , wonten ewah-ewahan kasebat konsonan /n/ ngicalaken titikan fonetis alveolar saha nasal ingkang taksih ajeg inggih menika namung titikan fonetis bersuara.
- b. /np/ → /tp/ , wonten ewah-ewahan kasebat konsonan /n/ ngicalaken titikan fonetis bersuara saha nasal ingkang taksih ajeg inggih menika titikan fonetis alveolar.
- c. /np/ → /mp/ , wonten ewah-ewahan kasebat konsonan /n/ ngicalaken titikan fonetis bersuara saha alveolar ingkang taksih ajeg inggih menika titikan fonetis nasal.

Ewah-ewahan wonten nginggil menika dipunwastani ewah-ewahan asimilasi asipat regresif jalaran wujuding ewah-ewahan fonem ingkang njumbuhaken fonem sakiwatengenipun. Titikan fonemis konsonan /p/ paring daya pangaribawa kangge titikan fonetis konsonan /n/, saengga konsonan /n/ kasebat ewah dados konsonan ingkang gadhah titikan fonetis mirib kalihan titikan fonetis ingkang dipungadhahi konsonan /p/.

Kajawi asimilasi ingkang asipat regresif wonten ugi asimilasi asipat progresif. Asimilasi asipat progresif inggih menika asimilasi ingkang titikan fonetis fonem-ipun paring daya pangaribawa titikan fonem sawingkingipun utawi salajengipun. Tuladhanipun gugus konsonan /np/, titikan fonetis-ipun konsonan /n/ menika paring daya pangaribawa fonetis konsonan /p/. Perkawis asimilasi progresif saged dipuntingali wonten ngandhap menika:

- a. /np/ → /nb/, wonten ewah-ewahan menika konsonan /p/ ewah kanthi njumbuhaken titikan fonetis bersuara wonten ing konsonan /n/,
- b. /np/ → /nm/, wonten ewah-ewahan menika konsonan /p/ ewah kanthi njumbuhaken titikan fonetis konsonan /n/ ingkang ajeg inggih menika namung titikan fonetis bilabial-ipun,
- c. /np/ → /nd/, wonten ewah-ewahan menika konsonan /p/ ewah kanthi njumbuhaken titikan fonetis konsonan /n/ ingkang ajeg inggih menika titikan fonetis hambat-ipun.

2) Disimilasi

Disimilasi inggih menika ewah-ewahan swanten ingkang beda kalihan swanten aslinipun. Tuladhanipun wonten ing basa Jawi Enggal tembung loro ‘dua’ ingkang asalipun saking basa Jawi Kina ‘rwa’ dados ‘ro’ lajeng wontenipun proses reduplikasi dados ‘roro’. Wiwit saking proses reduplikasi menika salajengipun wonten proses disimilasi, saengga dados tembung ‘loro’.

3) Metatesis

Metatesis inggih menika ewah-ewahan swanten jalaran wontenipun ewahing panggenan fonem wonten ing basa ingkang dipuntandhingaken.

Tuladhanipun tembung saking Proto Austronesia *kulit ‘kulit’ nurunaken wonten ing Prabahasa Sumbawa dados *lukit, saking kalih tembung menika ketinggal bilih wontenipun panggenan fonem ingkang ewah antawisipun fonem /k/ kalihan fonem /l/. Kalih fonem menika mapan wonten ing wiwitaning wanda sepisan.

4) Kontraksi

Kontraksi inggih menika ewah-ewahan swanten ingkang awujud sambungipun kalih swanten utawi langkung dados setunggal swanten. Tuladhanipun diftong /ai/ wonten ing tembung basa Jawi Kuno ingkang nurunaken dados fonem /e/ wonten ing tembung basa Jawi Enggal dados vokal tunggal. Tuladhanipun menika awujud tembung gawai ‘kerja’ dados gawe ‘kerja’. Wonten ing tembung basa Jawi Kuno gawai menika diftong /ai/ ewah dados /e/ wonten ing tembung basa Jawi Enggal gawe. Ewah-ewahan menika mapan wonten ing pungkasaning wanda kaping kalih.

5) Aferesis

Aferesis inggih menika ewahing swanten jalaran icalipun fonem ingkang mapan wonten ing wiwitaning tembung. Tuladhanipun inggih menika wonten ing basa Austronesia Purba saha basa Melayu. Tembung Austronesia Purba ‘udang’ *hudan nurunaken dados tembung udang wonten ing basa Melayu. Icaling fonem /h/ ingkang mapan wonten ing wiwitaning tembung menika ingkang nedahaken ewahing swanten.

6) Sinkope

Sinkope inggih menika ewahing swanten jalaran icalipun fonem ingkang mapan wonten ing tengahing tembung. Tuladhanipun tembung Austronesia Purba ‘tua’ *tuha nurunaken wonten ing basa Polinesia Purba dados tua. Icaling fonem /h/ ingkang mapan wonten ing tengahing tembung menika ingkang nedahaken ewahing swanten.

7) Apokope

Apokope inggih menika ewahing swanten jalaran icalipun fonem ingkang mapan wonten ing pungkasaning tembung. Tuladhanipun saking basa Inggris Pertengahan tembung helpe ‘tolong’ nurunaken wonten ing basa Inggris Enggal dados help ‘tolong’. Icaling fonem /e/ ingkang mapan wonten ing pungkasaning tembung menika ingkang nedahaken ewahing swanten.

8) Protesis

Protesis inggih menika ewah-ewahan swanten awujud tambahing fonem ingkang mapan wonten ing wiwitaning tembung. Tuladhanipun tembung *bere ‘memberi’ nurunaken basa saking basa prabahasa Sumbawa wonten ing dialek Taliwang inggih menika tambahing fonem /u/ dados tembung ubeg ‘memberi’.

9) Epentesis

Epentesis inggih menika ewah-ewahan swanten awujud tambahing fonem ingkang mapan wonten ing tengahing tembung. Tuladhanipun tambahing fonem /n/ wonten ing basa Sasak montor ‘motor’ ingkang ngampil saking basa Eropa lumantar basa Indonesia motor. Tambahing fonem /n/

ingkang mapan wonten ing tengahing tembung menika ingkang nedahaken ewahing swanten.

10) Paragog

Paragog inggih menika ewah-ewahan swanten awujud tambahing fonem ingkang mapan wonten ing pungkasaning tembung. Tuladhanipun tambahing fonem /u/ wonten ing tembung lampu ‘lampu’ wonten ing basa Indonesia ingkang ngampil saking basa Inggris lamp ‘lampu’. Tambahing fonem /u/ ingkang mapan wonten ing pungkasaning tembung menika ingkang nedahaken ewahing swanten.

4. Jinis-jinising Pewarisan

Pewarisan fonem proto dhateng basa kratat kadadosan saking mawarni-warni jinis. Miturut Keraf (1984: 79-84), jinising pewarisan fonem proto kaperang dados pitu, inggih menika pewarisan linear, pewarisan kanthi ewah-ewahan, pewarisan kanthi icalipun fonem, pewarisan kanthi tambahipun fonem, icalipun saperangan fonem, perpaduan (merger), saha pembelahan (split). Jinising pewarisan fonem proto menika kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Pewarisan linear

Pewarisan linear inggih menika proto fonem wonten ing basa samenika dipunginakaken ajeg titikan fonetis proto fonem-ipun. Umpaminipun inggih menika fonem */a/ Austronesia Purba ingkang ajeg nurunaken fonem /a/ wonten ing basa Bisaya. Tuladhanaipun tembung */apuy/ wonten ing basa

Austronesia Purba nurunaken ajeg dados tembung /apuy/ wonten ing basa Bisaya.

b. Pewarisan kanthi ewah-ewahan

Pewarisan kanthi ewah-ewahan inggih menika fonem wonten ing basa setunggal ingkang ewah wujudipun wonten ing basa tandhinganipun. Tuladhanipun tembung [lintang] (Prawiroatmodjo, 1981: 309) wonten ing basa Jawi ingkang tegesipun ‘bintang’ dados [bin ang] (Warna, 1978: 93) wonten ing basa Bali ingkang tegesipun sami-sami ‘bintang’. Tembung kasebat ketinggal bilih fonem /l/ berkorespondensi kalihan fonem /b/.

c. Pewarisan kanthi icalipun fonem

Pewarisan kanthi icalipun fonem inggih menika ewah-ewahan fonem kanthi icalipun fonem wonten ing basa ingkang dipuntandhingaken. Tuladhanipun tembung [adoh] (Prawiroatmodjo, 1981: 3) wonten ing basa Jawi ingkang gadhah teges ‘jauh’ dados [oh] (Warna, 1978: 157) wonten ing basa Bali ingkang tegesipun sami-sami ‘jauh’. Tembung kasebat ketinggal bilih fonem /a/ ical wonten ing basa tandhinganipun Ø.

d. Pewarisan kanthi tambahipun fonem

Pewarisan kanthi tambahipun fonem inggih menika fonem ingkang wonten ing basa sepisan menika boten wonten, lajeng wontenipun tambahing fonem wonten ing basa ingkang dipuntandhingaken. Tuladhanipun tembung [idu] (Prawiroatmodjo, 1981: 165) wonten ing basa Jawi ingkang gadhah teges ‘ludah’ dados [wi uh] (Warna, 1978: 647) wonten ing basa Bali ingkang gadhah teges sami-sami ‘ludah’. Tembung kasebat ketinggal bilih saking

tembung ingkang sami inggih menika idu, nanging wonten ing tembung ingkang dipuntandhingaken menika wonten tambahipun fonem /w/ saha /h/.

e. Icalipun saperangan fonem

Icalipun saperangan fonem inggih menika proses pewarisan ingkang saperangan fonem ical wonten ing basa kratat, nanging saperangan fonem wonten ing basa kratat menika wonten ugi ingkang taksih ajeg. Umpaminipun saking fonem /h/, tembung basa Inggris Kuno hring dados ring ing tembung basa Inggris Modheren, nanging saperangan fonem menika ajeg wonten ing tembung hælæn dados heal.

f. Perpaduan (merger)

Perpaduan inggih menika ewahing kalih fonem utawi langkung dados setunggal fonem wonten ing basa turunanipun.

Tuladhanipun : babuy > bawi	‘babi’
qantay > anti	‘menanti’

g. Pembelahan (split)

Pembelahan inggih menika setunggal fonem ingkang dados saperangan fonem wonten ing basa turunanipun.

Tuladhanipun : kuku > kukuq	‘kuku’
kutu > gutu	‘kutu’

C. Leksikostatistik

1. Pangertosan Leksikostatistik

Leksikostatistik inggih menika teknik ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken celak tebihipun sesambetan basa antawisipun basa setunggal

kalihan basa sanesipun. Cara ingkang dipunginakaken inggih menika kanthi nandhingaken tembung-tembung ingkang mirib (Fernandez, 1994: 53). Gayut kalihan pamanggih bab cara nandhingaken tembung-tembung ingkang mirib, wonten pamanggih ingkang ngandharaken bilih anggenipun netepaken kelompok basa menika adhedhasar prosentase tembung-tembung ingkang mirib. Miturut Keraf (1984: 121), ngandharaken bilih leksikostatistik inggih menika teknik nggolongaken basa kanthi cara ngetang tembung-tembung ingkang sami saha mirib kanthi nemtokaken prosentase-ipun. Prosentase menika gayut kalihan tembung-tembung ingkang sami saha mirib wonten ing basa setunggal kalihan basa sanesipun. Cak-cakan menika gayut kalihan panaliten ingkang ngetang prosentase tembung-tembung ingkang sami saha mirib antawisipun basa setunggal kalihan basa sanesipun.

Adhedhasar pamanggih para ahli wonten nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih, leksikostatistik inggih menika salah satunggaling teknik nggolongaken basa kanthi cara nandhingaken tembung-tembung ingkang wujudipun mirib kanthi statistik. Wonten ing panaliten menika panganggening metode leksikostatistik kangge madosi celak tebihipun sesambetan basa antawisipun basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa kalihan kamus basa Bali.

2. Metode Leksikostatistik

Metode leksikostatistik inggih menika metode ingkang dipunginakaken kangge madosi tembung-tembung ingkang sami saha mirib antawisipun basa setunggal kalihan basa sanesipun. Metode leksikostatistik

menika dipunginakaken ugi kangge mangertosi kelompok basa. Panganggening metode leksikostatistik menika kanthi dhasar-dhasar ingkang kaandharaken wonten ngandhap menika. Miturut Mulyani (2007: 43-44), panganggening metode leksikostatistik ngginakaken sekawan dhasar, inggih menika:

- a. saben basa setunggal kalihan basa sanesipun gadhah kosa kata dasar tartamtu ingkang angel ewah. Tetembungan ingkang kalebet kosa kata dasar inggih menika tembung-tembung ingkang gayut kalihan tembung sesulih, tembung ingkang gayut kalihan badan, tembung ingkang gayut kalihan alam, flora fauna saha tembung wilangan,
- b. kosa kata dasar ingkang kaginakaken menika mbetahaken wekdal ingkang dangu, tegesipun ewah-ewahan kosa kata dasar menika angel anggenipun ewah,
- c. proses icalipun kosa kata dasar saben basa menika sami. Perkawis menika ateges kosa kata dasar ingkang kaginakaken kangge tetandhingan menika sampun wonten dhasaripun. Adhedhasar angelipun ewah-ewahan kosa kata dasar menika sampun kabekten saking asiling panaliten wonten ing 13 basa Indo-Eropa ingkang daya tahan kosa kata dasar-ipun menika antawisipun 86,4 – 74,4%,
- d. sasampunipun mangertos prosentase tetembungan wonten ing kalih basa ingkang dipuntandhingaken, salajengipun saged kaginakaken kangge ngetang wekdal pisahipun basa-basa menika saking basa induk-ipun.

Kajawi dhasar-dhasar metode leksikostatistik wonten nginggil menika, wonten ugi peranan ingkang kedah dipungatosaken inggih menika caranipun

ngetang tembung ingkang sakrabat. Miturut pamanggihipun Mahsun (2010: 67-72), caranipun ngetang tetembungan ingkang sakrabat kaandharaken wonten ngandhap menika.

- a. Boten ngginakaken tembung-tembung ingkang boten wonten ing salah satunggaling basa utawi sedaya basa ingkang dipuntandhingaken. Tembung-tembung menika mliginipun gayut kalihan tembung-tembung ingkang ngampil saking basa sanes.
- b. Netepaken tembung-tembung sakrabat, tembung-tembung sakrabat menika ngemu titikan kados wonten ing ngandhap menika.

1) Tembung ingkang sami persis

Tembung ingkang sami persis inggih menika tembung sakrabat ingkang dipuntingali saking segi semantik saha saking segi wujudipun sami. Tuladhanipun tembung langi [lanji] (Prawiroatmodjo, 1981: 290) ‘berenang’ wonten ing baasa Jawi berkorespondensi kalihan tembung langi [lanji] (Warna, 1978: 331) ‘berenang’ wonten ing basa Bali.

2) Tembung sakrabat mirib

Tembung sakrabat mirib inggih menika tembung ingkang saking segi semantik-ipun sami, ananging saking wujudipun menika mirib. Tuladhanipun tembung wulu [wulu] (Prawiroatmodjo, 1981: 329) ‘bulu’ wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan tembung bulu [bulu] (Warna, 1981: 106) ‘bulu’ wonten ing basa Bali.

3) Tembung sakrabat beda

Tembung sakrabat beda inggih menika tembung sakrabat ingkang titikanipun namung saking kaidah ewah-ewahan swanten. Tembung sakrabat beda menika menawi saking wujud saha swantenipun kanthi saklarapan boten ketingal bilih kalih tembung menika beda nanging taksih sakrabat. Sanajan kalih tembung menika wujud saha swantenipun beda, nanging miturut kaidah ewah-ewahan swanten tembung menika saged dipunwastani bilih kalih tembung menika berkorespondensi. Tuladhanipun tembung loro basa Jawi ingkang berkorespondensi kalihan tembung dua basa Sumbawa.

c. Damel prosentase tembung ingkang sakrabat. Caranipun damel prosentase kedah ngetang cacahipun kosa kata dasar ingkang berkorespondensi. Caranipun ngetang prosentase tembung-tembung ingkang gadhah korespondensi inggih menika kaandharaken wonten ngandhap.

- Ngicalaken tetembungan ingkang boten dipunpanggihaken wonten ing salah satunggaling basa utawi sedaya basa ingkang dipuntandhingaken.
- Nemtokaken korespondensi swanten saha wujud tembung-tembung ingkang sakrabat kanthi titikan tembung sakrabat sami persis, tembung sakrabat ingkang mirib, saha tembung sakrabat ingkang beda.
- Ngetang prosentase tembung ingkang sakrabat kanthi cara cacahing tembung sakrabat dipunbagi cacahing kosa kata dasar ingkang katandhingaken saha dipunpingaken 100%.

d. Prosentase tembung sakrabat ingkang sampun dipunpanggihaken menika dipungayutaken kalihan kategori prosentase tingkat kekerabatan basa

kalebet ingkang pundi, antawisipun kalebet wonten ing setunggal basa, kulawarga basa (family), rumpun basa (stock), mikrofilum, mesofilum, utawi makrofilum. Anggenipun netepaken inggih menika kanthi ningali pedoman kategori prosentase wonten ngandhap.

Tabel 1: Tabel Tingkat Basa Adhedhasar Prosentase Tembung Kkrabat

Tingkat Basa	Prosentase Tembung Kkrabat
Basa (language)	Langkung 81-100 %
Kulawarga (family)	37-80 %
Rumpun (stock)	12-36 %
Mikrofilum	4-11 %
Mesofilum	1-3 %
Makrofilum	Kirang saking 1 %


(kapethik saking Mahsun. 2012: 166. Metode Penelitian Bahasa Tahapan Strategi, Metode dan Tekniknya)

D. Fonem Basa Jawi

Miturut Wedhawati (2006: 55), fonem basa Jawi kaperang dados tigang kelompok adhedhasar kriteria tartamtu inggih menika vokal, konsonan, saha semi vokal. Cacahing fonem vokal wonten ing basa Jawi (Wedhawati, 2006: 65), wonten enem inggih menika /i/, /e/, / /, /a/, /u/, saha /o/. Adhedhasar enem vokal kalawau taksih kaperang malih dados tigang kelompok antawisipun inggih menika vokal tinggi /i/, /u/ ; vokal madya /e/, / /, /o/ ; saha vokal rendah /a/.

Gayut kalihan pamanggihipun Wedhawati wonten nginggil, Sasangka ngandharaken bab ingkang mirib namung Sasangka nambahaken bab-bab vokal ingkang gadhah alofon. Bab menika saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika. Miturut Sasangka (2001: 2), vokal basa Jawi wonten pitu. Sedaya vokal kasebat inggih menika /i/, /e/, /a/, / /, /u/, / /, saha /o/. Pamanggih

menika ngandharaken ugi bilih wonten saperangan vokal ingkang gadhah alofon. Umpaminipun vokal /i/ gadhah alofon vokal [i] saha [I], vokal /u/ gadhah alofon vokal [u] saha [U], vokal /e/ gadhah alofon vokal [e] saha [ɛ]. Adhedhasar pamanggih wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih vokal basa Jawi inggih menika [a], [ɪ], [i], [u], [e], [ɛ], saha [o]. Vokal basa Jawi kasebat saged dipuntingali saking bagan fonetis vokal wonten ngandhap.



Gambar 1: Bagan Fonetis Vokal Basa Jawi

katrangan:

1. tinggi rendahnya lidah
2. bagian lidah yang berubah
3. jarak lidah dengan mulut bagian atas

(kapethik saking Wedhawati dkk. 2006:74. Tata Bahasa Jawa Mutakhir)

Fonem konsonan basa Jawi miturut peran pirantos micara saged dipunperang dados sedasa kelompok (Mulyani, 2008: 53), inggih menika:

1. konsonan bilabial /p/, /b/, /m/
2. konsonan labio-dental /w/
3. konsonan apiko-dental /t/, /d/
4. konsonan apiko-alveolar /n/, /l/, /r/
5. konsonan apiko-palatal / /, / /
6. konsonan lamino-alveolar /s/
7. konsonan medio-palatal /c/, /j/, /ñ/, y/
8. konsonan dorso-velar /k/, /g/, /ŋ/
9. konsonan laringal /h/
10. konsonan glotal stop /ʔ/

Miturut Sasangka (1989: 14-15) konsonan sanesipun kajawi ingkang wonten nginggil, wonten ugi konsonan ingkang jinisipun arupi swara ampang, swara anteb, swara irung, saha mandaswara. Konsonan-konsonan menika saged dipuntingali wonten ngandhap.

1. Swara ampang

Jinisipun : /c/, /k/, /p/, /t/, / /

2. Swara antep

Jinisipun : /b/, /d/, / /, /j/, /g/

3. Swara anuswara (swara irung)


Jinisipun : /m/, /n/, /ñ/, /ŋ/

4. Mandaswara

Jinisipun : /y/, /w/

E. Fonem Basa Bali

Miturut Bawa (1981: 11-13) basa Bali gadhah enem vokal inggih menika i, e, , a, o, saha u. Vokal basa Bali kasebat saged dipuntingali wonten bagan fonetis vokal ngandhap menika.



Gambar 2: Bagan Fonetis Vokal Basa Bali

katrangan:

1. tinggi rendahnya lidah
2. maju mundurnya lidah
3. bulat tidaknya bentuk bibir

(kapethik saking Bawa, I Wayan dan I Wayan Jendra. 1981: 21. Struktur Bahasa Bali)

Fonem konsonan basa Bali cacahipun wonten wolulas fonem. Adhedhasar artikulasi wolulas fonem menika dipun-kelompok-aken dados gangsal jinis. Gangsal jinis fonem konsonan basa Bali miturut Bawa (1981: 22) inggih menika:

1. konsonan labial /p/, /b/, /w/, /m/

2. konsonan dental /t/, /d/, /s/, /n/, /l/, /r/
3. konsonan palatal /c/, /j/
4. konsonan velar /k/, /g/, /y/
5. konsonan glotal /h/

F. Tetembungan

Tetembungan ingkang kaginakaken wonten ing panaliten inggih menika gayut kalihan kosa kata dasar Morris Swadesh. Kosa kata dasar menika jinisipun wonten tembung aran, tembung kriya, tembung sesulih, tembung ingkang gayut kalihan alam, lan sapanunggalanipun. Tetembungan menika saged dipunpanggihaken wonten ing salebeting kamus.

Tetembungan ingkang badhe dipuntandhingaken inggih menika saking kamus basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa anggitanipun S. Prawiroatmodjo ingkang irah-irahanipun Bausastra Jawa-Indonesia dipuncithak taun 1981, kacithak dening Gunung Agung Jakarta kanthi 815 kaca (jilid I saha jilid II). Dene Kamus Basa Bali anggitanipun panitia penyusun Kamus Basa Bali ingkang dipunpangarsani dening Drs. I Wayan Warna ingkang irah-irahanipun Kamus Bali-Indonesia taun 1978, kacithak dening Dinas Pengajaran Propinsi Daerah Tingkat I Bali kanthi 651 kaca. Wonten panaliten samenika panaliti damel analisis tembung ingkang kaginakaken inggih menika 200 kosa kata dasar adhedhasar Morris Swadesh.

G. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kalihan panaliten kula wonten kalih ingkang saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

1. Panaliten ingkang dipuntindakaken dening Nur Indah Saputri (2009) kanthi irah-irahan “Tembung Aran Basa Jawi Kina wonten ing Basa Jawi Enggal Adhedhasar Kamus Jawi Kina-Indonesia kalihan Bausastra Jawa”. Wosing panaliten kasebat inggih menika nandhingaken sekawan basa saking basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal. Objek panalitenipun inggih menika tembung aran basa Jawi Kina wonten ing basa Jawi Enggal. Panaliten menika sami kalihan panaliten kula amargi sami-sami nandhingaken basa ingkang gadhah sesambetan. Faktor ingkang mbedakaken inggih menika wonten ing bab objek-ipun. Wonten ing panaliten kula objek-ipun inggih menika tetembungan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali kanthi ngginakaken 200 kosa kata dasar Morris Swadesh.
2. Panaliten menika jumbuh kalihan panaliten ingkang dipuntindakaken dening Rita Budi Pangesti (2009) kanthi irah-irahan “Kekerabatan Basa Jawi saha Basa Madura Adhedhasar Baoesastra Djawa kalihan Kamus Basa Madura”. Wosing panaliten menika nandhingaken tetembungan basa Jawi saha basa Madura. Objek panalitenipun inggih menika tetembungan basa Jawi saha basa Madura. Panaliten kasebat sami-sami ngrembag bab linguistik historis komparatif. Faktor ingkang mbedakaken kalihan panaliten kula inggih menika wonten ing bab objek kajian ingkang dipuntliti. Wonten ing panaliten kula objek-ipun inggih menika basa Jawi saha basa Bali. Perkawis sanes inggih menika, panaliten Rita Budi Pangesti (2009) ugi madosi kekerabatan dumugi undha-usuk basanipun, nanging panaliten kula menika

boten nindakaken panaliten dumugi undha usuk basa antawisipun basa Jawi kalihan basa Bali.


H. Nalaring Panaliten

Linguistik historis komparatif inggih menika ngelmu ingkang ngandharaken pangrembakaning basa wonten ing lumampahing wekdal. Linguistik historis komparatif ugi gayut kalihan dimensi diakronis ingkang ngrembag utawi nandhingaken ewah-ewahaning tembung wonten ing basa setunggal kalihan basa sanesipun. Ewah-ewahan saking basa Jawi saha basa Bali menika saged dipuntingali saking wujud saha teges ingkang badhe dipuntliti. Gayut kalihan kajian linguistik historis komparatif, wonten panaliten menika panaliti badhe nandhingaken tetembungan kangge madosi celak tebihipun sesambetan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa kalihan Kamus Basa Bali.

Basa Jawi menika ingkang dipunginakaken dening tiyang Jawi kangge wawan rembag wonten ing padintenan. Semanten ugi basa Bali ingkang dipunginakaken kangge wawan rembag dening tiyang ingkang wonten ing tlatah Bali. Saking kalih basa menika, ngemu bab-bab ingkang sami. Miturut Mulyani (2007: 19), ewah-ewahan basa saged dipuntingali saking mapinten-pinten aspek inggih menika fonologi, morfologi, sintaksis, semantik, leksikon, saha saged ugi wonten tataran ingkang langkung wiyar.

Sedaya aspek kalawau ingkang gayut kalihan panaliten inggih menika aspek fonologi. Aspek fonologi saged dipuntingali saking pangucapanipun tembung ingkang mirib saha sami, saengga katingal kekerabatan basanipun.

Kanthi cara menika, saged katingal bilih basa Jawi saha basa Bali sakrabat. Saged dipunpendhet dudutanipun bilih panaliten menika ngandharaken korespondensi swanten saha teges antawis basa Jawi kalihan basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali. Perkawis sanes, panaliten menika ugi ngandharaken prosentase kekerabatan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa kalihan Kamus Basa Bali.



Gambar 3: Bagan Nalaring Pikir Panaliten